



Ranplasman Pon PFC Ralph T. Basiliere

Sa k ap pase?

Pon ki gen non Sòlda Premye Klas (PFC) Ralph T. Basiliere a, menm si li an sekirite pou tout moun k ap pase sou li, rive nan dènye limit tan pou li kontinye sèvi, kidonk li bezwen ranplase. MassDOT pral fè yon atelye publik pou mande lide moun nan kominote a sou ki kalite pon an dwe ye, ak kisa li dwe sanble, sou konfigirasyon bann sikilasyon yo pandan ak apre konstriksyon an, sou aranjman pou bisiklèt ak pou pyeton, ak sou konneksyon avèk akomodasyon pou bisiklèt ak pou pyeton ki toupre yo. Atelye publik sa a bay yon opòtinite pou konvèrsasyon enfòmèl, an ti gwoup avèk responsab MassDOT yo ak ekip konsepsyon pou pwojè sa a.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pandan sis mwa ki pral vini yo, ekip konsepsyon MassDOT la pral travay avèk kominote Haverhill la pou deside ki kalite pon yo pral mete pou ranplase pon Basiliere ki la kounye a, ak kisa pon a dwe sanble, ak lòt eleman estriktirèl enpòtan, tankou konneksyon pou bisiklèt ak pyeton, ak konfigirasyon bann pou sikilasyon yo. Atelye sa a se dezyèm nan yon seri. MassDOT ankouraje tout moun nan kominote a ki enterese, pou yo patisipe. Moun ki patisipe yo ta dwe kapab wè vèsyon pwovizwa ki fèt dapre lide ki te soti nan publik la, nan premye atelye ki te ògànize nan dat 3 avril 2023 a.

Kilè

Jedi 18 me 2023
5:30-7:30PM

Ki Kote

UMass Lowell Innovation Center
2 Merrimack Street
Haverhill, MA



Ale nan adrès/www.mass.gov/basiliere-bridge-project-haverhill pou plis enfòmasyon.



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande fè aranjman sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib. Pou poze kesyon sou pwojè a, ou mèt voye yon mesaj elektwonnik tou nan adrès MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us.

Si ou gen yon deklarasyon ekri ou vle fè sou pwojè yo pwopoze a, tanpri voye li nan adrès sa a: **Carrie A. Lavallee, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: BRIDGE SECTION (SEKSYON PON) NIMEWO DOSYE PWOJÈ A 605304.**